



Kredi pou Timoun Empire State

Lajan pou Fanmi Ou – Aji Kounye a pou jwenn jiska 1,000 dola pou Chak Timoun

Anpil fanmi nan Nouyòk ka resevwa jiska 1,000 dola pou chak timoun atravè Kredi pou Timoun Empire State (Empire State Child Credit, ESCC) ki fèk ogmante, lè yo ranpli deklarasyon taks sou revni Eta Nouyòk la. Si ou pa dwe taks paske ou pa gen revni oswa revni ou trè ba, ou ka resevwa lajan sa a sou fòm ranbousman avèk lajan kach. Si ou dwe taks, kredi sa a ka peye li epi menm ba ou kèk lajan kach anplis.

Èske mwen kalifye?

Pou kapab kalifye, ou dwe:

- Se yon rezidan Eta Nouyòk pandan tout ane a
- Gen omwen yon timoun ki poko gen 17 an nan dat 31 desanm 2025
- Ranpli yon deklarasyon taks sou revni Eta Nouyòk – aprann kijan pou fè sa isit la: www.tax.ny.gov/pit/file/

Konbyen lajan mwen ka jwenn?

Ou kapab resevwa jiska 1,000 dola pou chak timoun ki poko gen 4 an epi 330 dola pou chak timoun ki gen ant 4 rive 16 an. Kredi a diminye piti piti si revni ou depase 110,000 dola pou moun ki marye k ap ranpli ansanm, oswa depase 75,000 dola pou lòt moun k ap ranpli yo.

E si mwen pa gen revni oswa si revni mwen trè ba?

Ou pa bezwen gen revni pou w kalifye pou kredi sa a. Si ou pa gen okenn revni oswa revni ou anba 4,000 dola, ou pa dwe taks epi ou ka jwenn kredi maksimòm sou fòm ranbousman ak lajan kach lè ou ranpli yon deklarasyon taks revni Eta Nouyòk.

E si mwen gen plis pase 4,000 dola nan revni epi mwen pa konnen si mwen dwe taks?

Si w gen plis pase 4,000 dola nan revni, ranpli yon deklarasyon taks sou revni Eta Nouyòk pou w mande kredi a. Si ou pa dwe taks, ou ka resevwa tout kredi a sou fòm ranbousman ak lajan kach. Si ou dwe yon ti kantite taks, kredi sa a ka peye li epi menm ba ou kèk lajan kach anplis.

Èske m ap pèdi benefis mwen si mwen resevwa Kredi pou Timoun Empire State la?

Non. Resevwa Kredi pou Timoun Empire State la p ap afekte Medicaid ou, Pwogram Asistans Nitrisyon Sipleman (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP), Revni Sekirite Sipleman (Supplemental Security Income, SSI), asistans lajan kach oswa asistans pou lojman. Si ou ekonomize ranbousman ou, li p ap konte nan limit byen yo pandan 12 mwa.

Kijan pou m jwenn kredi sa a?

Jwenn Kredi pou Timoun Empire State ou a lè w ranpli yon deklarasyon taks sou revni Eta Nouyòk epi bay yon Nimewo Sekirite Sosyal (Social Security Number, SSN) oswa Nimewo Idantifikasyon Fiskal Endividyèl (Individual Taxpayer Identification Number, ITIN) ki valid pou ou menm ak pou chak timoun ou mete sou [Fòm Taks Eta Nouyòk IT-213](#) ou a. Ou ka kapab jwenn èd gratis pou ranpli deklarasyon taks ou jiska 15 avril 2026.

Kijan mwen ka ranpli deklarasyon taks mwen gratis?

Gen resous gratis pou ranpli taks sou revni ki disponib sou sit entènèt Depatman Taks la: www.tax.ny.gov (chèche: free).



Eskane pou plis enfòmasyon sou
Kredi pou Timoun Empire State la.
otda.ny.gov/ChildCredit

